



DISKUSI KELOMPOK



LEMBAR KERJA MURID (LKM 1)

MATA PELAJARAN : BAHASA JAWA

NAMA ANGGOTA :

KELAS : III

TANGGAL :

TOPIK : PANGANAN TRADHISIONAL ING DIY



Pituduh (Petunjuk):

1. Rungokna audio utawa teks lisan prasaja saka guru kanthi premati.
2. wangsulana pitakonan iki!

Rembugen karo klompokmu!

1. Apa ancase Ibu lan Beni menyang Pasar beringharjo?

.....

2. Panganan tradhisional apa wae sing ko-rungu?

Tulisen ing tabel!

No.	Jeneng panganan	Asale
a.
b.
c.
d.
e.

3. Geneya Beni paling seneng mangan yangko?

.....

4. Yen kowe melu menyang Pasar Beringharjo, panganan tradhisional apa sing arep koktuku?

.....

5. Apa gunane nglestarekake panganan tradhisional?

.....

.....

6. Presentasi



GLADHI MANDIRI



LEMBAR KERJA MURID (LKM 2)

MATA PELAJARAN : BAHASA JAWA

NAMA MURID :

KELAS : III

TANGGAL :

TOPIK : PANGANAN TRADHISIONAL ING DIY

Wangsulana pitakonan iki, kanthi milih A, B, utawa C kang bener!

1. Aku duwe panganan kang digawe saka tela sing diparut banjur dibentuk cilik-cilik, digodhog nganti mateng banjur diparingi klapa parut. Aku biasane diwadhahi sudi, nanging amarga majuning zaman lan inovasi, saiki aku di tata tarik tarik ing sujen kayata sate. Anggone nata biasane diselang seling warnane, ana abang lan ijo.

A



B



C



2. Aku kalebu panganan tradhisional sing digawe saka tela kang wis digaringake banjur dikukus. Warnaku ireng semu coklat, amarga dipepe lan digaringke nganti suwe. Rasaku legi amarga diwenehi juruh lan teksturku mendhut-mendhut utawa kenyal. Aku kerep dipangan bebarengan karo thiwul utawa diparingi klapa parut supaya luwih enak. Aku dadi salah siji panganan khas saka salah sawijining kabupaten ing Daerah Istimewa Yogyakarta. Panganan kasebut asalé saka kabupaten

- A. Bantul
- B. Sleman
- C. Gunungkidul



GLADHI MANDIRI



3. Wacanen teks ing ngisor iki!

Nalika dina Minggu, Beni lan kulawargane lunga menyang Pasar Beringharjo. Ing kana ana akeh panganan tradhisional khas DIY, kayata gudheg, geplak, yangko, cenil, lan gatot. Ibune Beni tuku gudheg kanggo nedha awan amarga digawe saka nangka enom. Bapak tuku geplak sing digawe saka klapa. Beni luwih seneng mangan yangko amarga rasane legi lan empuk. Nalika tuku panganan, Beni tansah nganggo basa krama marang bakul amarga ngajeni wong sing luwih tuwa.

Adhedhasar teks, apa sebabé Beni nganggo basa krama nalika tuku panganan?

- A. Amarga pengin cepet dilayani.
- B. Amarga ngajeni bakul sing luwih tuwa.
- C. Amarga kabeh wong ing pasar nganggo basa krama.

4. Delengen tabel ing ngisor iki!

Panganan

Gudheg

Geplak

Gatot

Bahan Utama

Nangka enom

Krambil

Tela

Yen ana wong ora oleh mangan klapa, panganan endi sing kudu diendhani?

- A. Geplak
- B. Gudheg
- C. Gatot



GLADHI MANDIRI



5. Wacanen crita ing ngisor iki!

Nalika dina Minggu, Beni diajak ibune menyang Pasar Beringharjo. Ing kana Beni kepengin tuku gudheg. Ibune ngelingake supaya Beni tansah nganggo basa krama nalika matur marang bakul amarga bakul kuwi luwih tuwa yuswane. Beni kepengin supaya bakul rumangsa diajeni lan gelem ngladheni kanthi becik.

Adhedhasar crita kasebut, ukara endi sing paling trep diaturake Beni marang bakul?

- A. "Bu, kula badhe tumbas gudheg setunggal porsi."
- B. "Budhe, kula nyuwun gudheg setunggal porsi, nggih."
- C. "Bu, kula kepengin gudheg setunggal piring."

Sugeng Makarya